

Efektif saldeklas ak Plasman elèv

(Class Size and Student Placement)

Kòmmanse ak ane eskolè-sa-a, lwa Leta Florid ki otorize epi fikse kantite maksimòm elèv yon saldeklas kapab genyen, chanje. Akòz lwa sou rediksyon efektif saldeklas, lekòl-la kapab blije deplase elèv-yo pou ale jwenn yon lòt pwofesè **apre kòmansman ane eskolè-a** pou asire yo respekte lwa sou kantite maksimòm elèv ki dwe nan yon saldeklas. Pou tout klas kote yo anseye **matyèdebaz**, kantite maksimòm elèv yo kapab aksepte nan klas matènèl rive twazyèm ane se 18 elèv, nan klas katriyèm ane rive uityèm ane se 22 elèv, nan klas nevyèm rive douzyèm ane se 25 elèv. Konnen, yo va kontinye satisfè bezwen elèv-yo avèk bon enstriksyon epi bon sèvis. Enfòmasyon anplis sou klas matyèdebaz oswa sou nenpòt bagay anrapò avèk rediksyon efektif klas disponnib nan sit Entènèt <http://www.broward.k12.fl.us/classsize/>.